



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ POU PREZÈVE PRI KI ABÒDAB NAN INWOOD TOWER A NAN MANHATTAN

Plan lojman eta a te pwoteje plis pase 22,000 lojman Mitchell-Lama.

Inwood Tower ap rete nan pri ki abòdab pou 190 fanmi jiska 2052, gwo modènizasyon kapital yo ap amelyore sekirite ak efikasite enèji

Gouvènè Kathy Hochul today anonse jodi a yon akò pou prezève pri abòdab sou 30 ane k ap vini yo pou 190 fanmi nan Inwood Tower, yon devlopman kooperativ Mitchell-Lama nan Washington Heights yon katye Manhattan. Nan kad akò sa, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, NYSHCR) ap bay 7.6 milyon dola prè sibvansyon k ap pèmèt kooperativ la reyalize reparasyon kapital ki enpòtan. Ak anons jodi a, Eta a te kenbe plis pase 22,000 apatman Mitchell-Lama kounye a pou Nouyòkè ki gen revni ki fèw ak revni modere nan kad Plan Lojman sou senk an sa.

"Pandan Eta New York State ap pran mezi pou konbat kriz lojman an apre pandemi an, akò sa pwoteje sipò ki enpòtan pou yon kominote lojman abòdab nan yon katye k ap vin deplizanpli chè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap kontinye prezève epi modènize devlopman lojman nan pri abòdab atravè Eta a pou asire yo rete yon resous lojman ki sekirize epi ki abòdab pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo."

Inwood Tower se yon lojman kooperativ Mitchell-Lama, eta a sipèvize, ki te konstui an 1963 pou bay opòtinite pou Nouyòkè ki gen revni ki fèw ak revni modere yo posede - - kay nan pri ki abòdab. Nan kad akò sa, Inwood Tower Inc. te angaje pou rete nan pwogram Mitchell-Lama a pandan omwen 30 lane.

Anplis, pou prezève 190 kay nan pri ki abòdab Inwood Tower yo jiska 2052, akò a ap trase wout pou amelyorasyon kapital ki enpòtan. Nivo amelyorasyon yo ap genyen ladan yo, reparasyon asansè, ranplasman twati, reparasyon liy gaz, ranplasman chodyè ak tiyo ki asosye yo, ranplasman radyatè, ak ranplisaj fasad ak brik. Reparasyon yo ap genyen ladan yo tou, plizyè mezi pou efikasite enèji k ap diminye depans enèji pou kooperativ la.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Nou fyè de akò sa pou prezève 190 apatman Inwood Tower yo kòm opòtinite pou posede kay nan pri ki abòdab, pandan n

ap modènize sistèm bilding k ap vyeyi yo epi amelyore efikasite enèji. Pwogram Mitchell-Lama eta a te fèt pou ede Nouyòkè ki gen revni ki fèb ak revni modere yo posede oswa lwe yon kay dekalite nan katye yo chwazi. Ak plis pase 22,000 kay pou lwe ak kay Mitchell-Lama kooperativ ki te prezève sou senk ane ki pase yo, nou te pwolonje pwomès pwogram nan pou plizyè milye rezidan aktyèl ak fiti atravè eta a epi ede kominote New York yo pou yon kontinye aksesib pou fanmi ak granmoun k ap travay di yo."

Prezidan Konsèy Kooperativ Inwood Tower a, Eileen King te deklare, "Kooperatè Inwood Tower yo rekonèt ke atravè Pwogram Mitchell-Lama a, nou ka pwofite de lojman ki jis ki entegre epi divèsifye. Avèk prè sa, Inwood Tower ka atake gwo reparasyon kapital ki nesèsè pou bilding ki gen apeprè 60 ane nou an epi konfòme ak nouvo egzijans anviwònmanal yo epi toujou rete abòdab pou deseni k ap vini yo. Biwo Renovasyon Kay ak Kominote a kontinye angajman lojman Mitchell-Lama pou diminye chaj lwaye sou fanmi yo pou yo pa itilize pifò revni yo pou depans lojman."

Senatè Robert Jackson te deklare, "Nan yon mache lojman k ap ogmante, sa pa t ap bon pou egzije kay oswa apatman nan pri ki abòdab san w pa bay yon mekanis pou asire ke inite yo rete nan pri ki abòdab toutotan tan ap pase. Epi jodi a, gras ak akò sa pou prezève pri abòdab la, 190 lojman ap rete abòdab nan Inwood Tower devlopman kooperativ Mitchell-Lama a pou 30 ane k ap vini yo. Lè n prezève lojman abòdab ki egziste yo, sa anpeche depasman, k ap genyen yon enpak pozitif sou jenerasyon fanmi yo antanke pwopriyetè kay nan katye Washington Heights la."

Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare, "Mank lojman nan pri abòdab se yon kriz nou konfronte chak jou nan kominote nou an. Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Hochul pou prezève Inwood Tower nan pwogram Mitchell-Lama a epi fè reparasyon ki enpòtan pou vwazen nou yo ka rete lakay yo pou ane k ap vini yo. Mwen pa ka tann pou kontinye travay mwen ak Gouvènè Hochul pou elaji ogmante opòtinite Mitchell-Lama yo pou rezidan nan 72yèm Ditri Asanble a."

Prezidan Minisipalite Manhattan, Mark Levine, te deklare, "Chak inite Mitchell-Lama ki prezève se yon gen pou lokatè yo ak pwogrè li nan konba pou lojman nan pri abòdab la. Pa ta dwe gen lojman nan pri abòdab ki vini ak deteryorasyon yon bilding, e prè Eta a bay Inwood Tower a asire ke bilding lan pa oblije soti nan estrikti Mitchell-Lama a pou lokatè yo ka genyen asansè ak sèvis piblik ki amelyore. Sa se yon egzant briyan de kijan Plan Lojman sou senk an Eta a ka ede kenbe estòk lojman abòdab vil la pou deseni k ap vini yo."

Manm Konsèy Vil la, Carmen De La Rosa te deklare, "Inwood se yon sant kilti, kominote, ak istwa ki rich. Nou dwe rete vijilan epi travay pou prezève epi pwoteje rezidan ki gen revni ki fèb ak revni mwayen yo kont depasman. Plan sa ap asire amelyorasyon ki enpòtan fèt pandan l ap garanti lokatè yo ki te fè Inwood Tower tounen lakay yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)